

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat komunikasi manusa dina hirup kumbuhna. Tanpa ayana basa teu bisa dibayangkeun kumaha interaksi antaranggota masarakat sapopoéna. Ku ayana basa, pamaké basa bisa nepikeun pamikiran jeung pangrasa ngaliwatan dua cara, nyaéta tinulis jeung lisan. Dina ragam tinulis, basa diébréhkeun kalawan ngamangpaatkeun struktur basa jeung kosakecap nu bisa dipikaharti ku pamaca. Sedengkeun dina ragam lisan, basa digunakeun minangka alat komunikasi dina kahirupan sapopoé, nu mibanda pamahaman kana ma'na nu sarua antara panyatur jeung pangregep.

Minangka alat komunikasi, basa dipaké dina wangun kalimah nu silih pakait. Kalimah kahiji ngabalukarkeun ayana kalimah kadua, kalimah kadua ngabalukarkeun ayana kalimah katilu, jeung saterusna téh kudu nyoko kana kalimah kahiji. Ku kituna, runtuyan kalimah nu pakait téh ngahubungkeun proposisi nu séjén tur ngawangun hiji beungkeutan, nu disebut wacana (Situmorang, spk., 2014, kc. 2).

Nurutkeun Sumarlam (dina Widiatmoko, 2013, kc. 2), wacana nu hadé nyaéta wacana nu nengetan hubungan antarkalimah, nepi ka ngaruntuy jadi kalimah nu ngéntép seureuh. Hubungan anu aya dina wacana ngawengku dua jenis, nyaéta hubungan bentuk nu disebut kohési, jeung hubungan ma'na atawa hubungan semantis nu disebut kohérénsi. Éta pedaran téh saluyu jeung pamadegan ti Sudaryat (2020, kc. 2), yén wacana nyaéta wangun basa nu pangjembarna nu diwangun ku runtuyan kalimah anu sinambung (kontinuitas), tatali unsur anu ngéntép seureuh (kohési), jeung tatali ma'na anu dalit (kohérénsi) luyu jeung kontéks situasi. Pon kitu deui, nurutkeun Tarigan (2021, kc. 26), yén wacana mangrupa unsur-unsur basa saluhureun kalimah atawa klausa anu hubungan antar unsur-unsurna mibanda sipat nu kohérénsi, kohésif, jeung sinambung, boh lisan boh tinulis.

Ieu panalungtikan téh museur kana kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*. Wacana anu aya dina rubrik “Katumbiri” mangrupa téks warta

anu kaasup kana wangun wacana narasi ékspositoris basa Sunda. Ieu di handap aya salasihiji wacana dina rubrik “Katumbiri” anu ngandung kohési léksikal:

Anapon keur ningkatkeun ajén pendidikan ogé, henteu leupas tina ajén *guruna*. Pangna kitu deui, kagiatan rotasi *guru* ogé, boga tujuan sangkan ayana peningkatan ajén para *guru* ogé.
(*Manglé No. 2855, 2021, kc. 33*)

Dina éta cutatan téh katitén ayana kohési léksikal anu kaasup kana wanda répétisi. Ari sababna, dina éta wacana téh diwangun ku ayana bangbalikan kecap atawa malikan deui kecap-kecap anu sarua dina hiji wacana nyaéta kecap *guru*.

Aya sawatara alesan pangna ieu panalungtikan téh kudu dilaksanakeun. Téks warta anu aya dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* téh kaasup kana wangun wacana narasi ékspositoris tur warna wacana *non-fiksi* nu mibanda tujuan pikeun méré informasi ka pamaca ngaliwatan runtuyan-runtuyan kalimah nu patali jeung unsur-unsur kabeungharan kecap atawa léksikon dina wacana. Ieu hal téh maksudna mah nyaéta penting pisan pikeun panulis jeung pamaca mikaharti kana naon anu diébréhkeun dina éta wacana sabab patalina jeung informasi nu rék ditepikeun. Saupama panulis henteu niténan kana unsur-unsur kabeungharan kecap dina wacana, antukna aya kahariwang yén informasi dina éta wacana téh teu nepi ka pamaca. Ieu panalungtikan dilakukeun pikeun mikanyaho ngawasana panulis wacana dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* kana unsur-unsur kabeungharan kecap atawa léksikon nu disungsi tina wanda-wanda kohési léksikal. Ku kituna, ieu panalungtikan téh penting dilakukeun, sabab majalah *Manglé* mangrupa média massa basa Sunda nu masih kénéh hirup nepi ka ayeuna tur sok dipaké pikeun bahan bacaan barudak sakola, jadi, kudu dititénan kohésif atawa henteu dina unggal wacanana.

Panalungtikan ngeunaan kohési léksikal téh lain hal anu anyar. Ari sababna, geus aya panalungtikan saméméhna anu medar ngeunaan kohési léksikal, di antarana waé, “Kohési Léksikal dina Novél *Maju Jurang Mundur Jungkrang* Karangan Ki Umbara” (Suryanah, 2007) jeung “Kohési Léksikal dina Novél *Dalingding Angin Janari* Karangan Usép Romli H.M. pikeun Bahan Pagajaran Basa Sunda di SMA” (Mulyana, 2010). Dina panalungtikan saméméhna téh medar ngeunaan kohési léksikal jeung tatali semantis tur dipatalikeun kana bahan pangajaran basa Sunda anu obyék panalungtikanna tina novél salaku warna

wacana fiksi. Bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta tina obyék panalungtikanna. Ieu panalungtikan ngagunakeun téks warta dina majalah *Manglé* nu kaasup kana warna wacana *non-fiksi*, ari panalungtikan saméméhna ngagunakeun novél nu kaasup kana warna wacana fiksi. Salian ti éta, ieu panalungtikan museur kana wanda kohési léksikal, sedengkeun dina panalungtikan saméméhna teu saukur medar wanda kohési léksikal, tapi medar ogé tatali semantis tur dipatalikeun jeung bahan pangajaran basa Sunda. Pon kitu deui, bébédaan waktu leuwih ti 10 (sapuluh) taun téh tangtuna waé mibanda bébédaan tina segi tiori-tiori anu digunakeun sabab ayana *pembaharuan*.

Dumasar kana katerangan di luhur ébréh yén panalungtikan ngeunaan wanda kohési léksikal dina rubrik majalah penting jeung perlu dilaksanakeun. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kohési Léksikal dina Rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, masalah anu kaidéntifikasi nyaéta makéna unsur-unsur kabeungharan kecap anu penting dina wacana, ku sabab mangaruhan kana kontéks nu rék ditepikeun. Sangkan teu lega teuing ambahanna, ieu panalungtikan diwatesanan kana kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*, anu ngawengku (1) sinonimi, (2) antonimi, (3) hiponimi, (4) kolokasi, (5) répétisi, jeung (6) ékuivalénsi.

Tina idéntifikasi masalah di luhur, aya sawatara masalah nu perlu dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kohési léksikal naon waé anu aya dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*?
- 2) Kumaha wanda kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*?
- 3) Wanda kohési léksikal naon waé anu dominan dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, anu masing-masing dipedar ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- 1) Kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*;
- 2) Wanda kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*; jeung
- 3) Wanda kohési léksikal anu dominan dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan ogé mibanda dua mangpaat, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, anu masing-masing dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi anyar jeung mangpaat dina élmu pragmatik, hususna adegan wacana lahir anu nyoko kana kohési léksikal. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré informasi anyar jeung mangpaat kana dunya jurnalistik basa Sunda ngeunaan pentingna wacana anu kohésif.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat pikeun sawatara pihak, nyaéta

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh jeung pangalaman dina neuleuman analisis adegan wacana lahir nu nyoko kana kohési léksikal;
- 2) Pikeun pamaca, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun référénsi panalungtikan ngeunaan adegan wacana, hususna kohési léksikal nu

satuluyna. Dipiharep ogé bisa méré mangpaat pikeun pangaweruh kabasaan di dunya jurnalistik, hususna média massa citak;

- 3) Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun référénsi bahan ajar; jeung
- 4) Pikeun murid, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun nambahan pangaweruh kabasaan, utamana dina adegan wacana lahir nu nyoko kana kohési léksikal.

1.5 Raraga Tulisan

Anapon raraga tulisan dina ieu skripsi téh ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, anu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan sacara umum jeung husus, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, anu medar ngeunaan tiori-tiori nu patali jeung hakékat wacana, papasingan wacana, pangwangun wacana, wangenan kohési, wangun kohési, wanda kohési léksikal, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, anu medar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu medar ngeunaan hasil panalungtikan, nganalisis, jeung ngadéskripsikeun kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi, anu medar kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan tur méré rékoméndasi pikeun ka hareupna.